



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 30 oktòb 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON ENVESTISMAN JISKA \$3 MILYON NAN VILAJ KEENE POU RESTORASYON AK KONTWÓL DEGA INONDASYON NAN GÓLF BROOK**

***Investisman vize pou redwi risk pwopagasyon inondasyon pandan move tan nan vilaj konte Essex***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse yon angajman jiska \$3 milyon dola pou finanse yon pwòjè ki pral redwi inondasyon ak elaji kapasite gòlf Brook pou transpòte dlo ak sediman nan vilaj Keene. Pwòjè a, sa ki te devlope pa Komite Planifikasyon NY Rising (NYRCR) Vilaj Jay ak Keene, pral gen ladan reparasyon konplè sou tout longè gòlf Brook la, soti nan amon ansyen kay ponpye vilaj Keene pou rive nan jonksyon kanal la avèk branch lès rivyè Ausab. Efò a, sa ki pral gen ladan stabilizasyon rivaj, elajisman chanèl ak restorasyon, enstalasyon kanivo ak posib modifikasyon pon an, pral redwi risk inondasyon ak deteryorasyon nan wout 9N ak nan pwopriyete adjasan yo nan sant seksyon riral nan Keene.

“Move tan malerezman te vini nouvo reyalyite nan New York, e nou dwe prepare pou pwochen gwo tanpèt la,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Pwòjè sa a pral fòtifye vilaj Keene ak zòn toupre yo nan Gòlf Brook e li pral pi byen pwoteje rezidan ak biznis yo nan kèlkeswa sa lanati voye sou nou. Sa a se yon lòt fason ke New York ap rebati pi byen.”

Seksyon riral Keene lan bati sou yon depo kòn ki gen fòm sediman kote gòlf Brook soti nan yon mòn apik ravin epi rankontre nan fon vale a. Nan kondisyon aktyèl li, Gòlf Brook dwat e li limite ant bluff ak wout 9N ak 73. Pandan siklòn Irene, Gòlf Brook te debòde nan rivaj li yo epi koule anba sant seksyon riral la, andomaje plis pase yon douzèn kay ki te nan plèn inondasyon an.

Siklòn Irene te koze anpil domaj nan tout Konte Essex, plis domaj te rive nan vilaj Jay ak Keene. Pandan tanpèt la, presipitasyon nan basen vèsan ki alimante branch lès la te patikilyèman lou, depase 12 pous nan 24èdtan. Akoz de grandè tanpèt la, anpil kay ki lokalize nan katografi plèn inondasyon 100 ane branch lès la, ansanm avèk kay yo ki nan plèn inondasyon 500 ane, te inonde avèk dlo inondasyon, sediman, ak debri. Tanpèt TROPICAL Lee te frape rejyon an yon semèn apre Irene, sa ki agrave domaj la.

Nan wityèm mwa apre pasaj tanpèt yo, Konte Essex te youn pami 50 kominote yo – ki reprezante plis pase 100 lokalite – nan eta pou patisipe nan pwogram \$650 milyon NYRCR Eta. Plis pase 500 patisipan te sèvi nan komite NYRCR nan tout eta, ki te pwopoze apeprè 600 pwojè avèk yon valè total plis pase \$800 milyon dola. Yo te atribye a chak patisipan kominotè ant \$3 ak \$25 milyon dola pou aplike pwojè elijib yo kap enkòpore epi kapitalize sou bezwen lokal yo, pwen fò ak defi yo.

Ete ki sot pase a, Eta New York te lanse “2yèm Seri” pwogram lan, pwolonje opòtinite a 16 nouvo kominote.

“Manda nou se pou non sèlman rebati, men pou rebati pi byen ak nan yon fason ki pi rezistan,” te deklare Jamie Rubin, Direktè Egzekitif Biwo Rekiperasyon Tanpèt Gouvènè. “Kominote yo nan konte Essex pa ta dwe gen krent pou sa ki pi mal kèlkeswa lè yon meteyo anonse gwo lapli.”

Administre pa Biwo Rekiperasyon Tanpèt Gouvènè a (GOSR), NYRCR se yon baz inisyativ planifikasyon ak enplemantasyon ki vize pou responsabilize kominote yo ki touche pou rebati, rann yo pifò ak pi rezistan.

GOSR te etabli nan mwa jen 2013 pou kowòdone efò rekiperasyon nan tout eta pou gwo tanpèt Sandy, Siklòn Irene, ak Tanpèt TROPICAL Lee. Byenke Pwogram Rekiperasyon Lojman NY Rising, ti biznis yo, rekonstriksyon ak enfrastruktir kominote, GOSR investè plis pase \$4 bilyon dola ki te disponib atravè Pwogram Devlopman Depatman Lojman & Devlopman Iben Etazini (HUD) CDBG-DR pou pi byen prepare New York pou pwochen evènman move tan.

Pou plis enfòmasyon, ale sou [www.stormrecovery.ny.gov](http://www.stormrecovery.ny.gov).

Senatè Charles E. Schumer te deklare, “Pwojè sa a se yon gwo nouvèl pou moun yo nan Keene ak plizyè milye moun ki vizite vilaj la chak ane. Twazan de sa, Irene te devaste kominote sa a, men depi lè sa te gen koperasyon fòmèl ant biwo nou nan nivo federal, ekip Gouvènè a nan nivo eta, ak ofisyèl Konte Essex ak vilaj Keene sou rekiperasyon an. Lè nou te enkli lajan rekiperasyon Irene nan kad gwo pwojè lwa finansman siplemantè Sandy, se te avèk pwojè tankou travay kontwòl dega inondasyon Keene nan lespri nou.”

Depite Bill Owens te deklare “Pwojè sa a pral redwi menas pwochen inondasyon nan Keene e li pral ede pou fè gòlf Brook vini yon sous drenaj san danje. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo ak Eta New York paske yo te kontinye travay avèk kominote Keene pou asire ke yo prepare otan ke posib pou pwochen tanpèt yo.”

Sipèvizè vilaj Keene Bill Ferebee te deklare, “Finansman sa a pral fè yon long wout nan bi pou rann kominote ak biznis yo pi rezistan pou pwochen tanpèt yo. Gouvènè Cuomo te la depi premye jou a avèk èd ak resous pou rebati kominote nou yo e sipò l kontinye jiska jodia. Nap rete tann pou n kontinye patenarya sa a pou fè kominote nou yo vin pi bon ak pifò pase toutan.”

Prezidan Konsèy Sipèvizè Konte Essex Randy Douglas te deklare, “Apre devastasyon tanpèt ki te pase yo

ki te frape kominote nou yo nou dwe jwenn fason pou nou rebati pi byen ak pi entelijan. Finansman sa a ak amelyorasyon ki pral fèt yo nan Gòlf Brook pral redwi inondasyon grandman nan zòn wout 9N ak nan zòn ozalantou yo. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske li te rann fon sa yo disponib e lap kontinye sipòte kominote nou yo.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

**We Work for the People**  
Performance \* Integrity \* Pride